

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Wilujeng
Kantun
Firaun!



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Lyn Doerksen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.





Firaun ambek! Gusti
geus maréntahkeun
manéhna ngaliwatan
Musa pikeun ngidinan
budak Israil
ninggalkeun Mesir.
Anjeunna nolak.







"Migawekeun maranehanna
leuwih beurat deui", Firaun
marentah ka juragan
budak beulian.
Kaayaan urang Israel
ayeuna katingalina
beuki leuwih goreng.



"Kumpulkeun jarami sorangan. Kami moal nyadiakeun deui. Tapi nyieun bata mah jumlahna kudu sarua." Éta paréntah anyar Firaun.



Patugas-patugas
mecutan sababaraha
budak kusabab teu boga
waktu pikeun ngumpulkeun
jarami bari jeung angger

nyieunan bata.





Jalma-jalma eta
teh nyalahkeun
Musa jeung
Harun kulantaran
maranéhna aya dina
kasusah. Lajeng
Musa manggihan
hiji tempat
pikeun ngadoa.







"Nun GUSTI,"
anjeunna sasauran,
"Anjeun teu acan
nyalametkeun umat
Gusti sama sakali."
"Kami teh GUSTI,
Kami bakal
ngaluarkeun aneh,"
waler Gusti.



Lajeng Gusti ngutus
Musa jeung Harun
balik deui ka Firaun.
Nalika raja anu
gagah perkasa
menta tanda
ti Gusti ka
badega-badega-Na,

tongkat Harun
teh ngadadak
robah jadi oray.






"Calukan ahli-ahli sihir kuring," saur Firaun. Waktos tukang-tukang sihir Mesir ngalungkeun tongkatna, eta iteuk jadi oray. Nanging tongkat Harun ngelek nu lian. Namung, Firaun tetep moal ngantep jalma-jalma eta indit.




Isukna, Musa jeung Harun papanggih jeung Firaun di walungan. Waktos Harun ngacungkeun tongkatna, Gusti ngarobah cai jadi getih. Lauk teh paraeh!

Caina oge teu bisa dipake
nginum!



Tapi Firaun ngaheuraskeun haténa. Anjeunna moal ngantep urang Israil ninggalkeun Mesir.



Kitu deui, Musa nitah Firaun
sangkan umat Gusti indit.


Firaun nolak
deui. Gusti
ngutus bala
sejen. Sakabeh
Mesir pinuh ku
bangkong.
Unggal imah,
unggal kamar,
malah panci
paranti masak
geus pinuh
ku bangkong!




"Doakeun kuring, mugi Gusti ngaluarkeun eta bangkong," saur Firaun. "Sareng kuring bakal ngantepkeun jalma-jalma aranjeun." Tapi, nalika bangkong arindit, Firaun robah deui pikiranna. Anjeunna moal ngabebaskeun budak-budakna.




Gusti lajeng ngirimkeun milyaran sarangga laleutik nu disebut kutu. Sarerea jeung sato ararateul kulantaran digegelan eta sato, tapi Firaun moal nyerah ka Gusti.






Salajengna Gusti ngutus
laleur, ngagimbung. Gusti
ngutus panyakit pikeun
maehan ingon-ingon urang
Mesir. Gusti ngirimkeun
bisul anu nyeri.
Jalma sangsara pisan.
Masih keneh we
Firaun nolak Gusti.





Sanggeus bala
bisul, Gusti ngutus
gorombolan
simeut. Simeut
ngadahar unggal
pepelakan héjo
dina taneuh.





Lajeng Gusti ngutus tilu poé
poek mongkleng. Tapi Firaun
anu bandel henteu keneh
ngabébaskeun urang Israil.



"Kuring bakal ngirim hiji bala deui,"

Gusti ngingetkeun.


"Dina tengah wengi,
sadaya cikal manusa
sareng sato galak
bakal maot." Gusti
nyarioskeun ka
urang Israil yén
anak cikalna bakal
disalametkeun
upami aranjeunna
meperkeun getih
domba dina lawang panto.







Dina tengah peuting,
kadangu sora ceurik
gagauran di Mesir.
Dimamana aya kamaotan.
Sahenteuna dina unggal
imah aya hiji jalma maot.






"Kaluar," saur Firaun ka Musa. "Geura, ngawula ka GUSTI." Gancangna, umat Gusti nyorang wates Mesir.





Allah nitah Musa mieling kana
Peuting Paska sabab Malaikat GUSTI tos
ngaliwat ka imah-imah urang Israil sarta
narajang Firaun jeung rahayatna.






Sanggeus 430 taun di Mesir,
umat Gusti ayeuna bébas.
Gusti mingpin aranjeunna dina
tihang awan ti beurang, jeung
tihang seuneu ti peuting.



Tapi Firaun tacan réngsé
jeung urang Israil. Sakali
deui, manéhna mohokeun
Gusti.



Sakali deui, manéhna
robah pikiran.
Manehna ngumpulkeun
pasukanna pikeun
ngudag budak-budak
beulian eta. Teu lami
ti harita, maranehna
kajebak dina gawir
jeung laut.



"Gusti bakal perang pikeun anjeun sadayana,"
saur Musa. Musa tuluy ka sisi cai,
sarta ngacungkeun leungeunna.



Hiji mujijat hébat
lumangsung. Gusti
mukakeun jalan
ngaliwatan cai.
Jalma-jalma tiasa
aman meuntas.



Lajeng tentara Firaun gancang lumpat ka Laut Beureum. "Ayeuna urang bakal newak maranehanna," pikir para prajurit. Tapi Gusti nutupan deui eta cai. Tentara Mesir anu sakitu kuat ditelen ku cai. Ayeuna Firaun nyadar yén Gusti Israil nyaéta Gusti sadaya.



Wilujeng Kantun Firaun!


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kaluaran 4-15

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



11



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

